



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 4 septanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ASISTE PREMÈ REYINYON REKONSTRIKSYON NY RISING COMMUNITY NAN STONY POINT**

***Stony Point Kalifye pou Resevwa \$3 Milyon pou Kreye Plan Retablisman ak Rekonstriksyon Kominote a Konsevwa Limenm epi kap Dire Pandan Lontan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te asiste jodi a premye reyinyon Komite Planifikasyon Rekonstriksyon New York Rising lan pou Stony Point, kote espè nan planifikasyon, otorite nan kominote a, ak rezidan te chita ansanm pou lanse pwosesis rekonstriksyon alontèm lan apre pasaj gwo siklòn yo pandan de dènye ane yo.

New York Rising Community Reconstruction Program lan – Gouvènè a te lanse nan kòmansman ane a epi te jwenn finansman federal - konsevwa pou l ranfòse kominote ki te soufri gwo domaj nan siklòn lotre jou yo pou yo ka kreye ak enpleman strateji ki vize kominote lokal la ak pou yo ka rekonstwi epi pi byen prepare pou move tan ki gen pou vini ankò yo. Vil Stony Point kalifye pou resevwa jiska \$3 milyon pou ede prepare yon plan konplè pou gide retablisman yo ak rekonstriksyon yo alontèm..

“New York Rising Community Reconstruction Program lan ranfòse kominote atravè eta a ki te pran gwo frap nan move tan pandan ane ki sot pase pou yo chita ansanm epi rekonstwi pi solid nan yon manyè pi entelijan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwogram sa makonnen yon metòd sot anba rive anwo ki itilize espètiz lokal ak èd onivo eta a, pou pèmèt kominote devlope pwòp plan yo pou repare enfrastrikti enpòtan anpil epi ranfòse sèvis esansyèl. Rezilta final la nan avantaj avni tout eta a - kominote ki pa sèlman rekonstwi, men rekonstwi pou yo pi rezistan epi pare pou nenpòt siklòn fiti.”

Komite Planifikasyon Rekonstriksyon New York Rising Community yo sitiye nan 102 kominote atravè eta a epi gen ladann lidè kominote yo, espè, ak otorite ki rantre bezwen spesyal kominote yo nan strateji redevlopman yo. Kominote yo gen uit mwa pou yo prepare epi prezante plan yo. Kantite lajan sibvansyon yo ap baze sou nivo domaj FEMA evalye ak sou aplikasyon pou nouvo enfrastrikti ak lòt diminyon, epitou y ap bay yo lè plan kominote a fini ak lè yo soumèt li ba Eta a pou apwobasyon. Kominote yo ap kalifye pou separe plis pase \$500 milyon dola finansman yo mete disponib nan afektasyon siplemantè federal Gouvènè Cuomo te travay avèk Kongrè a pou jwenn byen bonè ane sa a.

Eta a pral bay tou pou pi piti \$250 milyon dola kap soti nan Pwogram Sibvansyon Eta a pou Diminisyon Danje FEMA finanse (HMGP) pou kominote New York Rising yo pou egzekite pwojè kalifye ki nan plan yo. Anplis, yon bonis \$3 milyon pral bay pou meyè plan nan plizyè kategori, tankou angajman kominotè, itilizasyon teknoloji nan planifikasyon, ak meyè kolaborasyon rejyonal.

Komite Planifikasyon pou Vil Stony Point gen manm sa yo:

- **Gurran Kane, Ko-Prezidan:** Mesye Kane se Direktè Antique & Classic Boat Society ak yon Manm Konsèy Administrasyon Rose Memorial Scholarship. Li abite Stony Point depi l fèt epi li te travay pou Orange and Rockland Utilities pandan plis pase 30 lane kòm yon Operatè Izin. Mesye Kane se tou yon Prezidan retirete Konsèy Sèvis Planifikasyon Stony Point lan epi li se manm Komisyon Revizyon Evalyasyon an.
- **Steven Scurti, Ko-Prezidan:** Mesye Scurti se aktyèl Kowòdonatè Ijans pou Vil Stony Point, l ap ede kominote a idantifye danje potansyèl ak plan preprasyon ijans. Li te travay anvan sa nan New York State Police epi li te vin Chèf Depatman Polis Stony Point, kote li te travay pandan plis pase de dizèn lane. Li abite Stony Point depi lè l fèt.
- **Luanne Konopko, Manm Komite a:** Madan Konopko se yon manm Konsèy Vil la epi li se Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Vil la.
- **Kevin Maher, Manm Komite a:** Mesye Maher se yon enjenyè pou Stony Point.
- **Steve Porath, Manm Komite a:** Mesye Porath se Direktè Egzekitif County's Industrial Development Agency. Li se yon rezidan Stony Point.
- **Jim McDonnell, Manm Komite a:** Mesye McDonnell se yon rezidan Stony Point.
- **Bob Burns, Manm Komite a:** Mesye Burns travay labank epi se yon rezidan Stony Point.
- **Susan Filgueras, Manm Komite a:** Madan Filgueras se yon rezidan Stony Point epi li se Direktè Komite Daksyon Stony Point pou Anviwonman an
- **Rick Struck, Manm Komite a:** Mesye Struck travay kòm Direktè Economic Development for Orange & Rockland Utilities.
- **Steve Beckerle, Manm Komite a:** Mesye Beckerle se yon pwopriyetè biznis lokal.
- **Geoff Finn, Manm Komite a:** Mesye Finn te eli Sipèvizè Vil Stony Point nan lane 2012.
- **Dominic Posillipo, Manm Komite a:** Mesye Posillipo se yon rezidan Stony Point.
- **Rebecca Casscles, Manm Komite a:** Madan Casscles se yon pwopriyetè kay ki viktim epi li se yon rezidan Stony Point.
- **Wellington Casscles, Manm Komite a:** Mesye Casscles se yon pwopriyetè kay ak biznis ki viktim.
- **William Sheehan, Manm Komite a:** Mesye Sheehan se yon enspektè konstriksyon nan Vil Stony Point.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418